



Pou Piblikasyon Imedya: 07/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE DEKLARASYON POU GWO KATASTWÒF POU
SEKIRIZE ASISTANS FEDERAL POU KOMINOTE KI AFEKTE PA TANPÈT
TWOPIKAL DEBBY SOTI 8-10 OUT**

***Si yo akòde li, deklarasyon an ta bay asistans federal pou Konte Allegany,
Broome, Delaware, Essex, Franklin, Jefferson, Ontario, Steuben, St. Lawrence ak
Yates***

Gouvènè Kathy Hochul te mande jodi a Prezidan Biden yon Deklarasyon pou Gwo Katastwòf pou sipòte efò rekiperasyon kominote yo ki te afekte pa move tan ki te koze pa rès Tanpèt Twopikal Debby ki te fèt 8-10 out 2024. Si gouvènman federal la akòde, deklarasyon sa a ta bay finansman federal pou konte Allegany, Broome, Delaware, Essex, Franklin, Jefferson, Ontario, Steuben, St. Lawrence ak Yates pou kouvri eliminasyon debri, mezi pwoteksyon ijans ak reparasyon nan bilding ak enfrastrikti piblik yo.

"Aprè tanpèt twopikal Debby te lakòz gwo domaj atravè Eta New York, m ap mande patnè federal nou yo yon deklarasyon ijans pou pote èd bay kominote ki nan bezwen yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nou dwe bay soulajman nan zòn ki afekte nan tanpèt la, epi administrasyon mwen an pral pran tout mezi ki nesèsè pou asire rekiperasyon rapid ak total yo."

Yon Deklarasyon pou Gwo Katastwòf asire asistans finansye nan men gouvènman federal la, sitou nan Pwogram Asistans Piblik FEMA a, pou bay finansman pou gouvènman lokal yo, tribi yo ak òganizasyon san bi likratif ki kalifye pou retire debri, mezi pwoteksyon, ak reparasyon nan bilding ak enfrastrikti, ki gen ladan wout, pon, dlo ak enstalasyon tretman dlo ize, sit enfrastrikti enpòtan yo, lekòl, pak ak lòt etablisman yo.

Aprè yon katastwòf, Pwogram Biwo Rekiperasyon pou Katastwòf (Office of Disaster Recovery, ODR) Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) travay dirèkteman ak tokay yo nan Ajans Federal Jesyon Ijans lan (Federal Emergency Management Agency, FEMA) ak gouvènman lokal ki afekte yo pou evalye domaj katastwòf la lakòz yo ak depans ki gen rapò ak li yo. Yon fwa evalyasyon sa yo fini, FEMA valide si eta a ak konte ki afekte yo te rive nan limit yo mande pou domaj federal la pou gen yon Deklarasyon pou Gwo Katastwòf.

Rès Tanpèt Twopikal Debby te pwodui gwo lapli ki te lakòz gwo inondasyon, patikilyèman nan Southern Tier, New York Santral ak North Country. Sèvis Meteyo Nasyonal la te obsève 5.38 pous lapli nan mwens pase 12 èdtan nan Konte Steuben ak pousantaj lapli gaye nan 2-2.5 pous pou chak èdtan nan plizyè konte. Anplis de sa, Sèvis Meteyo Nasyonal la te mete yon total 17 konte New York anba yon siveyans inondasyon, epi yo te bay yon siveyans kont tònad nan 26 konte. Pandan evènman an, yo te bay 20 avètisman sou inondasyon, ki gen ladan de ijans pou inondasyon, ki endike yon menas iminan pou sekirite lavi.

Gwo lapli ak inondasyon yo te domaje oswa detwi anpil sistèm transpò, enfrastrikti piblik enpòtan ak pwopriyete prive. Lakwa Wouj Ameriken ak gouvènman lokal yo te evakye moun yo nan kay yo. Wout lokal yo ak pon yo te konplètman sibmèje oswa lave nan tout zòn ki afekte yo, sa ki pral pran plizyè semèn oswa mwa pou repare. Nan kèk zòn domaj nan wout yo te tèlman grav ke premye evalyasyon yo te retade. Van vyolan ak mikwo-eksplòzyon te derasinen pye bwa ki gen matirite epi yo te lakòz domaj nan tout konte ki afekte yo. Yo te jije npil wout enpasabl akòz pye bwa ki te tonbe ak debri oswa domaj estriktirèl ak lavaj konplè. Gwo lapli te lave akotman yo, sa ki te lakòz ponso yo bouche sa ki te mennen nan inondasyon toupatou sou wout ak zòn ki antoure yo. Gwo van te jete pye bwa yo epi yo te domaje liy elektrik yo ki te lakòz gwo blakawout.

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "Ede kominote yo jwenn aksè ak finansman federal yo merite se yon gwo priyorite pou Gouvènè Hochul. Ajans eta yo te la pou ede patnè gouvènman lokal nou yo reponn imedyatman apre tanpèt la, epi moun ki te afekte pa domaj lapli ki asosye ak rès Tanpèt Twopikal Debby yo kounye a bezwen asistans federal pou fè reparasyon ak alèjman ki nesèsè anpil."

Anvan tanpèt la, Gouvènè Hochul te mande ajans Eta yo pou yo prepare resous pou entèvni nan ka ijans epi yo rete an kominikasyon dirèk avèk gouvènman lokal yo pou siveye enpak move tan an epi reponn a demann pou asistans. Apre tanpèt yo, Gouvènè Kathy Hochul te anonse sibvansyon jiska 50,000 dola ki disponib pou pwopriyete kay ki elijib nan Konte Allegany, Delaware, Franklin, Steuben ak St. Lawrence pou adrese reparasyon ki gen rapò ak sante ak sekirite ke pwogram asirans oswa lòt pwogram sekou pou katastwòf yo pa kouvri.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo bay direksyon, kowòdinasyon ak soutyen nan efò n ap fè pou nou prevni, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak katastwòf imèn yo, menas, ensandi ak lòt ijans yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou paj Facebook DHSES, swiv @NYSDHSES sou Twitter ak Instagram, oswa ale sou [dhSES.ny.gov](https://www.dhSES.ny.gov).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)